






SS.7.C.4.2

Rekonèt patisipasyon gouvènman ak sitwayen nan òganizasyon entansyonal yo.

SS.7.C.4.2 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3: Elèv yo pral dekri fason sitwayen yo ak gouvènman yo ka chache patisipe nan òganizasyon entansyonal yo.

Tou lede moun yo ak gouvènman yo ka patisipe nan òganizasyon entansyonal yo. Anba a nou mete kijan moun yo ak gouvènman yo ka met men nan pat la.

Non Oganizasyon	Non Kout	Senbòl	Rezon
Kwa Wouj Entènasyonal	Pa Gen Non Kout		<p>Lakwa Wouj Entènasyonal se yon gwo òganizasyon entènasyonal. Li te fonde pou pwoteje lavi ak sante moun, pou pwomote respè pou tout èt imen, epi ede moun ki soufri akòz lagè oswa dezast natirèl.</p> <p>Endividyèl yo ak gouvènman yo bay lajan pou sipòte Lakwa Wouj Entènasyonal, edike moun, epi sèvi kòm volontè.</p>
<p>Òganizasyon Non-Gouvènmantal (ONG)</p> <p>Òganizasyon Entènasyonal Non-Gouvènmantal (INGOs) (OENG)</p>	NGO/INGO (OENG)	 <p>(Senbòl Ekzanp)</p>	<p>ONGs /INGOs (OENG) se òganizasyon prive ki travay poukont li, a nenpòt ki gouvènman. Yo fè yon varyete de bagay sa yo: ede moun kap soufri, ede pòv yo, pwoteje anviwònman an, founi bezwen debaz tankou manje ak dlo, oswa ede kominote yo pou vin yon pi bon kote pou viv. Yo pa pèmèt reprezantan nan gouvènman pou rantre nan òganizasyon yo. Moun yo kapab travay pou ONGs/INGOs (OENG) oswa fè yo kado lajan</p>
Nasyon Zini	UN (NZ)		<p>Nasyonzini an te kreye pou kenbe lapè nan lemond antye ak devlope zanmitay ant nasyon yo.</p> <p>193 nations (governments) are members of the 193 nasyon (gouvènman) se manm Nasyonzini. Peyi yo ka rantre nan Asanble Jeneral. Moun ka fè UN (<i>Nasyonzini</i>) lajan, aplike pou estaj ak UN oubyen travay pou yo dirèkteman.</p>
Fon Nasyon Zini pou Timoun yo	UNICEF (FNZT)		<p>UNICEF se yon pwogram Nasyonzini ki bay èd pou pran swen manman ak timoun nan nasyon pòv yo. Yo ede nan edikasyon, sante, manje, ak lòt pwoblèm.</p> <p>Moun yo ka fè UNICEF kado lajan pou kapab ede yo, epi ede yo pou edike lòt moun sou sa UNICEF fè.</p>
Tribinal Entènasyonal pou Jistis	Yo konnen yo tou kòm Tribinal Mondyal		<p>Tribinal Mondyal la bay konsèy legal a Nasyon Zini epi jere pwoblèm legal entènasyonal, tankou yon dezakò sou fwontyè ant peyi yo.</p> <p>Peyi ka vin manm lè yo ranpli kondisyon UN. Moun yo kapab travay oswa fè estaj pou Tribinal Mondyal la.</p>